

Dwa ak Pwoteckson Ou Genyen Kont Fakti Medikal Sipriz yo

Your Rights and Protections Against Surprise Medical Bills (Haitian Creole)

Lè w resevwa swen ijans oswa lè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a trete ou nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, ou benefisyè pwoteckson kont fakti diferans yo. Nan ka sa yo, yo pa ta dwe fè w peye plis pase kopèman, ko-asirans ak/oswa dediktib la plan ou an.

Kisa “fakti diferans” (pafwa yo rele li “fakti sipriz”) ye?

Lè w ale lakay yon doktè oswa lakay yon lòt pwofesyonèl swen sante, sa kapab rive ou gen yon lajan pou w peye, tankou yon kopèman, ko-asirans, oswa dediktib. Ou kapab genyen pou ou peye lòt frè oswa gen pou w peye tout fakti a nèt si w ale lakay yon pwofesyonèl swen sante oswa nan yon sant sante ki pa nan rezo asirans sante w la.

“Deyò rezo a” vle di pwofesyonèl swen sante ak sant sante ki pa te siyen yon kontra avèk plan asirans sante w la pou yo kapab bay sèvis. Pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a kapab gen otorizasyon pou li voye fakti sou diferans lajan ki genyen ant sa plan asirans ou an peye, ak montan total yo fè ou peye pou yon sèvis. Yo rele sa “fakti diferans.” Jeneralman montan sa a plis pase pri rezo a pou menm sèvis lan epi yo pap konte li nan kalkil dediktib plan asirans ou an oswa limit depans lajan nan pòch anyèl ou an.

“Faktirasyon sipriz” se yon fakti diferans ou pa t prevwa. Sa kapab rive se lè ou pa kapab kontwole moun ki patisipe nan ba w swen—tankou lè w gen yon ijans oswa lè w planifye yon vizit nan yon etablisman ki nan rezo a men sanzatann se yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a ki trete ou. Fakti medikal sipriz yo ka koute plizyè milye dola selon pwosedi a oswa sèvis la.

Ou jwenn pwoteckson kont fakti diferans pou:

Sèvis Ijans

Si ou gen yon ijans medikal pou kesyon maladi epi ou resevwa sèvis ijans sa a nan men yon pwofesyonèl swen sante oswa nan yon sant sante ki pa nan rezo a, pi plis lajan yo ka voye fakti pou ou se lajan patisipasyon ou bay nan plan asirans ou an (tankou kopèman, ko-asirans, ak dediktib). Yo pa kapab fè ou peye fakti diferans lan pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladan li sèvis ou ka resevwa apre eta sante ou fin estab, sof si ou bay konsantman ou alekri epi ou renonse ak pwoteckson ou genyen pou yo pa mande ou peye fakti diferans pou sèvis sa yo ou resevwa apre w fin estab.

Gade pi ba a pou plis enfòmasyon sou lwa Eta a konsènan fakti diferans nan Arizona, Florida, Iowa, Minnesota ak Wisconsin.

Kèk sèvis nan yon lopital ki nan rezo a oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa

Lè ou resevwa sèvis nan yon lopital ki nan rezo a oswa yon sant chirijikal anbilatwa, kèk nan pwofesyonèl swen sante yo ka pa nan rezo a. Nan ka sa yo, pi plis lajan pwofesyonèl swen sante sa yo ka voye fakti pou ou se lajan patisipasyon ou bay nan plan asirans ou an. Sa aplikab pou sèvis medsin ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, entènis, oswa sèvis swen entansif. Pwofesyonèl swen sante sa yo pa kapab fè w peye fakti diferans lan epi li posib pou yo pa mande ou renonse ak pwoteckson ou genyen pou yo pa fè w peye fakti diferans lan. Si w resevwa lòt kalite sèvis nan sant sa yo ki nan rezo a, pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a pa kapab fè w peye fakti diferans, sòf si w bay konsantman ou alekri epi w renonse ak pwoteckson ou genyen yo.

Ou pa janm gen obligasyon pou renonse ak pwoteckson ou genyen kont faktirasyon diferans. Epitou, ou pa gen obligasyon pou w al pran swen yon kote ki pa nan rezo a. Ou ka chwazi yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo plan asirans ou an.

Gade pi ba a pou plis enfòmasyon sou lwa Eta a konsènan fakti diferans nan Arizona, Florida, Iowa, Minnesota ak Wisconsin.

Lè lalwa pa pèmèt fakti diferans, ou gen pwoteckson sa yo tou:

- Ou se sèl moun ki responsab pou peye pou frè patisipasyon ou yo (tankou kopèman, koasirans, ak dediktib ou ta dwe peye si pwofesyonèl swen sante a oswa sant sante a te nan rezo a). Plan sante w la ap peye pwofesyonèl swen sante ak sant sante ki pa nan rezo a nenpòt lajan anplis dirèkteman.
- Jeneralman, plan sante w la dwe:
 - Kouvri sèvis ijans yo san yo pa mande pou w gen apwobasyon alavans pou w resevwa sèvis yo (oswa “otorizasyon alavans”).
 - Kouvri sèvis ijans pwofesyonèl sante ki pa nan rezo a ba ou.
 - Baze sa ou dwe peye pwofesyonèl swen sante oswa sant sante a (lajan patisipasyon) sou sa ou ta dwe peye yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo a epi montre montan sa a nan dokiman ki dekri avantaj ou yo.
 - Konte tout montan ou peye pou sèvis ijans oswa sèvis ki pa nan rezo a nan kalkil limit dediktib ou nan rezo a ansanm ak limit depans lajan nan pòch ou.

Selon lokal kote yo konsilte w la, lwa Eta nan Arizona, Florida, Iowa, Minnesota oswa Wisconsin ka bay lòt pwoteckson kont fakti diferans. Sepandan, pwoteckson sa yo aplikab ak plan asirans sante w la sèlman sou baz sa lwa Eta a di. Gade sa ki annapre yo pou plis enfòmasyon sou lwa eta yo:

- **Lwa Arizona** bay pwoteckson kont fakti diferans pou yon seri sèvis ijans ak sa ki pa ijans deyò rezo a, anplis de pwosesis rezolisyon konfli konsomatè a. Gade Revizyon Lalwa nan Arizona §§ [20-3111-3119](#) epi vizite <https://difi.az.gov/soonbdr>.
- **Lwa Florida** bay pwoteckson kont fakti diferans pou yon seri sèvis ijans ak sa ki pa ijans deyò rezo a. Florida bay tou yon pwosesis rezolisyon konfli konsomatè a pou yon seri konfli. Gade Lalwa nan Florida §§ [627.64194](#), [641.3154](#), [641.513](#) epi [408.7057](#).
- **Lwa Iowa** bay pwoteckson kont fakti diferans pou sèvis ijans deyò rezo a. Gade Kòd Iowa § [514C.16](#).
- **Lwa Minnesota** bay pwoteckson kont fakti diferans pou yon seri sèvis ijans ak sa ki pa ijans. Gade Lalwa nan Minnesota §§ [62K.11](#), [62Q.55](#) and [62Q.556](#).
- **Wisconsin** pa gen pwoteckson kont fakti diferans pou kounye a selon lwa Eta a.

Si w kwè yo te voye move fakti ba ou:

Vizite Sant Sèvis Medicare ak Medicaid yo (CMS) nan cms.gov/nosurprises/consumers pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen selon lwa federal yo. Epitou, ou ka kontakte Sèvis Asistans San Sipriz la nan 1-800-985-3059.

Vizite sit entènèt ki annapre yo pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen selon lwa federal ki aplikab yo:

- Arizona: <https://difi.az.gov/soonbdr>
- Florida: <https://www.floir.com/>, <https://myfloridacfo.com/Division/Consumers/>
- Iowa: <https://iid.iowa.gov/legal-resources/legal-information/no-surprises-act/no-surprises-act-consumer-information>
- Minnesota: <https://www.ag.state.mn.us/consumer/health/default.asp>
- Wisconsin: <https://oci.wi.gov/Pages/Consumers/Health.aspx>